© Библия таржама гьабиялъул институт, 2008

# Иоаннил кIиабилеб кагъат

«Иоаннил кIиабилеб кагъат» хъван буго къадру-къимат бугей цо христианалъухъе ва гьелда малъулеб буго гьересинасихIатчагIаздаса цIунейилан.

*Саламалъул рагIаби*

[1] Иман лъуразул агьлуялъул бетIерасдасан – тIаса йищарай бикаде ва гьелъул лъималазде, дие жал хIакълъунго рокьулел,
дие гурелги, хIакъабщинаб лъалел киназегоги рокьулел. [2] Гьеб
хIакъабщинаб нилъелъ буго ва гьеб абадиялъго нилъгун хутIизеги буго.
[3] Эмен – Аллагьасул ва Инсул Вас ГIиса МасихIилги баркатги, цIобги, саламги лъеги нилъеда ва хIакъабщинабги рокьиги нилъгун хутIаги.

*ХIакъабщинабги рокьиги*

[4] Дун цIакъ вохана дур цо-цо лъимал Инсул амруялда рекъон хIакъабщинабгун хьвадулел ратидал.
[5] Гьанже дун дуе цIияб амру хъвалев гьечIо, хирияй бика. Амма дица дуда гьарулеб буго нилъ цоцазе рокьейилан авалалдасанго букIараб амру тIубазабеян.
[6] Аллагьасул амруязда рекъон хьвадулел руго нилъ – гьеле гьелъулъ буго гьеб рокьиги. Авалалдасанго нужеда лъазабун букIараб амруялъ абулеб буго нуж цоцазде рокьигун хьвадейилан.
[7] Инсанасул къаркъала-черхгун ГIиса МасихI ракьалде вачIун вукIинчIилан абулел гIемерал гьерсихъаби рачIун руго дуниялалде. Гьедин абурав чи ккола гьерсихъанги МасихIил тушманги.
[8] Воре, нужеца захIмат баччарабщинаб билизе-тIагIине биччаге, нужеего щвезе кколеб кири дагьлъизе гурин.
[9] МасихIил насихIаталъ жанибе бачаралдаса къватIивехун лъугьуневщинав

чи Аллагьасде цолъуларо. Гьенив жанив чIаравщинав чи Эмен-
гун цолъула, Васгунги цолъула. 10 Гьединаб насихIат гьабуларев
чиясе гьоболлъиги гьабуге нужеца ва нужерго къавулъе къазеги
виччаге. 11 Гьев къавулъе виччаравщинавги ккола гьесул квешал
ишазул гIахьалчи.

*Рихьилилан хьул буго*

12 Нужехъе хъвазе жо гIемер букIаниги, гьанже кагъатги ща-
къиги нахъе лъезе хиял ккана дир. Дир хьул буго нужехъе вачIи-
не ва, цоцазул кIал бихьун, кIалъа-ралъазе. Гьелдалъун нилъер
рохелги гьарзалъила.

13 Аллагьас тIаса йищарай дур яцалъул лъималазулги буго
дуде салам.